

**A.D. Henderson University School & FAU High School
Dwa Konnen 2024-2025**

Chè paran / gadyen legal,

Distrik lekòl nou an resevwa lajan leta pou pwogram Title I ki fè pati lwa "Every Student Succeeds Act" (ESSA), ki se yon lwa ki te siyen nan mwa desanm 2015 ki te re-otorize "Elementary and Secondary Education" Lwa an 1956 (ESEA), ki ranplase "No Child Left Behind (NCLB). Youn nan kondisyon pou resevwa lajan sa, se pou infome paran / gadyen sou dwa yo genyen pou mande ak pou yo resevwa enfòmasyon konsènan kalifikasyon pwofesyonèl pwofesè ak asistan pwofesè pitit yo. Florida Atlantic University Schools pran angajman pou ofri ou enfòmasyon konsènan kalifikasyon nenpòt pwofesè oswa asistan pwofesè k ap travay ak pitit ou.

Dapre lalwa, ou gen dwa mande enfòmasyon sa yo, epi nou dwe fè ou jwen yo san pedi tan:

- Si pwofesè pitit ou a genyen lisans leta pou travay nan nivo klas ak nan matyè l ap anseye a.
- Si pwofesè a ap anseye akòz yon sitiyasyon dijans oswa lòt sitiyasyon pwovizwa. Nan ka sa yo, li pa bezwen reponn ak tout kritè kalifikasyon yo egziye yo.
- Ki lisans inivèsité pwofesè a genyen. Ki lòt diplòm oswa nenpòt lòt sètifika oswa degre pwofesè a genyen. Epi, nan ki disiplin li sètifye.
- Si pitit ou a resevwa sèvis nan men asistan pwofesè, epi, ki kalifikasyon yo.

ESSA gen ladan lòt demann ou gen dwa konnen. Nenpòt kilè, paran yo ka mande enfòmasyon sou règleman konsènan patisipasyon elèv nan evalyasyon ak pwosedi pou chwazi soti. Anplis de sa, yo sipoze avize ou tou, alekri, si yo te asiye pitit ou a oswa si pitit ou a nan yon klas, plis pase kat (4) semèn youn apre lòt, yon pwofesè / ranplasan pwofesè ki pa gen lisans leta a osinon ki pa ranpli tout kondisyon pou li genyen sètifika oswa lisans pou nivo klas la ak matyè pwofesè a te anseye a.

Si ou ta renmen resevwa nenpòt nan enfòmasyon ki endike anwo a, tanpri ou lib pou rele direktè lekòl ou a nan 561-297-3970.

Mèsi pou enterè ou, angajman ou ak patisipasyon ou nan edikasyon pitit ou.

Sensèman,

Dr. Joel Herbst
Superintendent
Florida Atlantic University Schools